

REGLEMAN DISTRI LEKÒL REJYON PALM BEACH, FLORID

Tit 6Gx50
Chapit 5. Pou Elèv
Seksyon 5.185**Règleman 5.185 Revokasyon lisans chofè elèv pou absans ak poutèt yo pa enskri**

1. *Objektif.* Pou aplike pwovizyon lwa eta a ak règleman ki egzije distri dirijan lekòl la pou verifye enskripsyon ak prezans elèv nan objektif pou pèmèt oswa refize privilèj pou kondui.
2. *Règleman.* Dapre lwa ak règleman eta a, se direktè (tris) la oswa reprezantan li k ap voye nan departman Highway Safety and Motor Vehicles (DHSMV) non elèv ki nan vyolasyon ak egzijans pou enskripsyon ak prezans pou resevwa lisans pou kondui nan eta Florid ak rekòmandasyon pou revoke privilèj elèv sa yo pou kondui.
 - a. Pou an konfòmite ak egzijans règleman anwolman an, yon elèv dwe:
 - i. Enskri nan yon lekòl piblik, yon lekòl non piblik, oswa nan pwogram edikasyon adomisil epi satisfè obligasyon sou prezans distri a egzije;
 - ii. Enskri nan yon kou etid an preparasyon pou egzamen devlopman edikasyon jeneral (GED) epi satisfè egzijans pou prezans ki apwopriye yo;
 - iii. Enskri nan lòt aktivite edikatif distri dirijan lekòl la apwouve, tankou pwogram edikasyon pou granmoun, pwogram preparatwa pou anplwa vokasyonèl, prevansyon pou timoun k ap kite lekòl bonè, ak lòt pwogram altènatif, epi satisfè egzijans prezans ki apwopriye yo;
 - iv. Resevwa yon sètifika egzonerasyon dapre lwa § 1003.21(3), eta Florid.;
 - v. Resevwa yon eksepsyon pou difikilte anba règleman sa a; oswa
 - vi. Resevwa yon diplòm fen detid segondè, 7 yon diplòm ekivalan fen detid segondè, yon diplòm espesyal, oswa yon sètifika akonplisman etid segondè.
 - b. Pou an konfòmite ak egzijans lwa prezans la, elèv yo pa dwe akimile kenz (15) absans ki pa motive nan yon peryòd katrevendis (90) jou nan yon kalandriye eskolè.
3. *Demand Eksepsyon pou Difikilte.* Yon elèv oswa paran/responsab ap gen kenz (15) jou pou prezante bay direktè (tris) oswa reprezantan li prè konfòmite oswa demand eksepsyon pou difikilte, apre li resevwa avètisman nan men DHSMV osijè entansyon departman an pou revoke privilèj lisans pou kondui li. Rekèt pou yon chitatande dwe fèt alekri, elèv la oswa paran/responsab la dwe siyen, epi li dwe delivre nan ofis lekòl la. Lekòl la ap enfòmè DHSMV nan espas vennkat (24) è oswa nan jou suivan an apre yo te fin resevwa demand pou eksepsyon chitatande a, epi l ap enfòmè tou sèvis sipò pou elèv nan ofis distri a.
 - a. *Eksepsyon pou chitatande.* Direktè (tris) a oswa reprezantan li ap òganize yon odyans ant trant (30) jou kalandriye apre lekòl la resevwa demand pou eksepsyon chitatande a. Direktè (tris) la oswa reprezantan li ap akòde yon eksepsyon pou difikilte pou nenpòt elèv ki fè fas ak yon sikonstans difikilte pèsonèl oswa yon difikilte famiyal ki egzije pou minè a gen yon lisans chofè poutèt li, oswa pou travay li oswa travay fanmi li oswa swen medikal. Direktè (tris) la ap pran an konsiderasyon rekòmandasyon pwofesè yo, lòt estaf lekòl la, konseye akademik yo anplwaye sèvis sosyal yo, oswa konseye akademik yo avan li bay yon eksepsyon. Direktè (tris) la oswa reprezantan li ap avèti elèv la oswa paran/responsab, DHSMV, ak sèvis sipò pou elèv nan ofis distri a alekri pou eksplike rezon pou akòde oswa refize eksepsyon an.

4. *Apèl*. Nenpòt elèv direktè (tris) la oswa reprezantan li refize yon eksepsyon pou difikilte, kab mande Sipèentandan an pou yon apèl. Demand pou yon apèl dwe fèt alekri, elèv la oswa paran/responsab la ap siyen, ak delivre nan ofis Sipèentandan an avan kenz (15) jou kalandriye kòmanse apati de dat direktè (tris) la te pran desizyon an. Sipèentandan an ap nomine yon/ (plizyè) ofisyè odyans pou tandè apèl paran/responsab nenpòt elèv direktè (tris) la te refize yon eksepsyon pou difikilte. Sipèentandan oswa reprezantan li ap anonse DHSMV sou rezilta chitatande a ak desizyon komite dirijan lekòl la.
5. *Reentegrasyon*. Privilèj lisans pou kondui elèv la ap reentegre si palaswit elèv la an konfòmite ak egzijans pou prezans. Si li mande, direktè (tris) la oswa reprezantan li ap bay elèv la yon verifikasyon pou konfòmite ak egzijans pou prezans la pou reentegre privilèj lisans pou l kondui.

OTORITE LEGAL: Fla. Stat. §§ 1001.41, 322.091, 1002.20, 1003.21, 1003.24, 1003.26, 1003.27, 322.091

LWA ANVIGÈ: Fla. Stat. §§ 1003.27, 322.091

DOSYE ISTORIK: 10/18/89; 1/19/94; 12/10/2008